



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE POU PRAN PREKOSYON PASKE YO PREVWA ANPIL NÈJ K AP TONBE NAN PIFÒ NEW YORK EPI TANPERATI KI KONJELE AP VINI APRE**

*Seksyon Tug Hill Plateau nan North Country ka obsève jiska de pye nèt*

*Pifò North Country, ansanm ak kèk pati nan New York Santral, Mohawk Valley ak Rejyon Kapital yo ak pòsyon Sid Lwès New York ka eksperimante ant 6 pous jiska plis pase yon pye nèt*

*Anpil nèt ka rann li difisil pou kondui; Nou ankouraje Nouyòkè yo pou evite tout deplasman ki pa nesèsè, swiv kondisyon meteyo epi obeyi tout kòmand ijans yo*

*Tanperati ki konjele ap vini apre*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte Moun New York pran prekosyon pandan jou k ap vini yo paske yo prevwa kantite nèt ki enpòtan nan tout eta a apati samdi apremidi. Pifò rejyon nò eta a ap obsève yon chit nèt jeneral k ap pwodui ant twa a senk pous nèt tout kote, alòske pati North Country, New York Santral, Mohawk Valley, ak Rejyon Kapital la ta ka obsève ant sis pous a yon pye nèt. Kèk zòn, espesyalman sa yo ki nan teren ki wo oubyen zòn ki gen efè lak yo, ka obsève jiska de pye ki posib nan zòn Tug Hill Plateau ak North Country. Yo prevwa pou kondisyon sa yo kreye kondisyon ki rann li difisil pou kondui pandan tout wikenn lan. Apre nèt la, previzyon yo prevwa tanperati ki konjele k ap antre nan eta a epi rete pandan plizyè jou semèn pwochèn. Gouvènè a egzòte Nouyòkè yo pou fè prèv pridans pandan jou k ap vini yo epi kenbe yon koudèy atantif sou previzyon meteyo lokal yo pou swiv dewoulman yo.

"Sistèm tanpèt sa ap bay yon kantite nèt ki enpòtan ak rafal van ki fò nan anpil pati nan eta a, k ap kreye kondisyon ki potansyèlman danjere pou kondui", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Ekip repons ijans eta nou an ap kontwole previzyon yo etwatman e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou pa sèlman prepare yo pou kondisyon meteyo sa, men pou asire tou ke yo tcheke sou zanmi, manm fanmi ak vwazen yo pou asire yo prepare tou."

Nan Samdi, yon sistèm presyon ba ap antre nan New York soti nan lwès k ap deplase vè lès pandan tout wikenn lan. Tanperati yo ap frèt anpil apati jou nèt jeneralize a ap kòmanse a. Atann ou a yon peryòd chit nèt regilye, prensipalman samdi aprè midi ak aswè, avèk frekans nèt k ap depase yon pous pa èdtan nan kèk zòn ak plizyè pous nèt ki akimile nan kòmansman sware samdi a nan pifò zòn nan. Nan dimanch, presyon ki ba ki soti nan nò Nouvèl Angletè vè Atlantik Kanada a ka pwodui plis avès nèt anvope

ki limite nan zòn teren ki wo yo ak zòn lak amelyore yo. L ap rete frèt, ak nyaj ak van anpati, avèk tanperati ki nan 20 ak 30 degre, ak rafal van 25 mph kèk fwa.

Nan sa ki gen pou wè ak akimilasyon nèj, total ki pi wo yo prevwa jwenn nan rejyon Tug Hill Plateau area nan North Country se jiska de pye posib. Nouyokè ki nan tout rès North Country a, ansanm ak pati nò New York Santral, Mohawk Valley, ak Rejyon Kapital la, ak sid rejyon Lwès New York, ta dwe eksperimante ant sis pous jiska plis pase yon pye nèj tout kote. Nan tout rès nò eta a, yo prevwa yon kantite jeneral twa a senk pous, avèk previzyon pou jiska de pous pou Vil New York ak Long Island.

Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) te gen tan voye yon kantite Alèt, Avètisman ak Rekòmandasyon pou Sezon Ivè. Pou gade lis alèt, avètisman, rekòmandasyon yo epi pou gen aksè ak dènye previzyon yo, vizite sitwèb Sèvis Meteyo Nasyonal la [isit la](#).

Aprè nèj la, previzyon yo prevwa tanperati k ap konjele nan majorite eta a pandan plizyè jou nan semèn pwochèn nan. Nouyokè yo ta dwe prete atansyon patikilye ak previzyon metewo lokal yo a toutotan y ap dewoule, pou yo ka pran mezi ki apwopriye ki nesèsè pou pwoteje tèt yo, fanmi yo ak vwazen yo.

### **Lòt konsèy sekirite**

#### **Vwayaje ansekirite**

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwosè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekasyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.

- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan w ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak lanèj.
- Planifye lè w ap rete epi kenbe distans ant machin yo. Toujou fè vitès ki bon pou kondisyon wout la ak meteyo a.

Li enpòtan pou note chasnèj yo deplase ak vitès jiska 56 kilomèt pa è, sa ki souvan pi dousman pase limit vitès ki afiche a, pou garanti sèl y ap simaye a rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse sou kote wout yo. Souvan sou otowout ki travèse eta yo, chasnèj yo opere youn bò kot lòt, poutèt se jan ki pi efikas ak san danje pou debarase plizyè vwa alafwa.

Otomobilis yo ak pyeton yo dwe kenbe nan tèt yo tou chofè chasnèj yo gen yon liy vizyèl limite, epi gwozè ak pwa chasnèj yo kapab fè sa difisil anpil pou yo fè mannèv avèk yo epi kanpe yo rapidman. Nèj k ap soufle dèyè chasnèj la kapab redui vizibilite a anpil oswa nèt. Otomobilis yo pa dwe eseye double chasnèj oswa suiv yo twò pre. Kote ki gen mwens danje pou otomobilis yo kondui se a yon gran distans dèyè chasnèj yo kote wout la vid ak kouvri ak sèl.

### **Tan Frèt**

Avètisman pou Van Frèt rete anvigè pou tout rejyon nan Eta New York lan, nan Nò konte Rockland ak Westchester. Nou atann pou yo soti ant mwens 10 a mwens 30 anba zewo. Avi sou Van Frèt rete anvigè pou konte Rockland, konte Westchester, Vil New York, ak Long Island kote yo atann pou van frèt soti ant 15 a 20 degre anba zewo pafwa.

Tanperati ki osi ba tankou sa yo prevwa yo nan fen semèn lan ka lakoz jeli nan yon tikal tan tankou 10 minit sou po ki ekspozè. Rete [prepare](#) lè ou kenbe sifizaman pwovizyon ijans nan kay yo ak nan veyikil yo. Si w ap soti deyò, abiye w byen cho epi kenbe men ak tèt ou kouvri pou pwoteje pou yo pa jele. Lòt konsèy pou sekirite enkli:

#### *Rete Cho Anndan Kay yo*

Si ou pa gen chofaj pandan kondisyon metewo ki frèt yo, ou kapab rete cho lè ou fèmen chanm ou pa bezwen yo. Abiye ak kouch rad ki lejè epi mete yon kaskèt.

#### *Pwoteje Tiyo Dlo yo*

Pou kapab evite dega ak agravasyon tiyo dlo ki konjle yo, pwoteje kay ou an, apatman oswa biznis ou apati aplikasyon mezi senp ke nou pral site la yo.

#### *Anvan Kondisyon Metewo Ki Frèt yo*

- Lokalize epi izole tiyo ki gen plis chans pou yo konjle yo, jeneralman sila yo ki tou pre mi ki deyò yo, nan espas kwense yo oswa nan grenye yo.

- Vlope tiyo yo ak tep ki cho (ki apwouve pa UL).
- Bouche nenpòt fwit ki ap pèmèt lè frèt antre anndan kote tiyo yo lokalize yo.
- Dekonekte tiyo awozaj jaden yo epi fèmèn epi retire dlo ki nan tiyo yo ki ale nan wobinè ki deyò yo. Sa ap redwi chans pou gen konjelasyon nan liy kout tiyo a ki jis anndan kay la.

### *Lè Li Fè Frèt*

- Kite dlo cho ak dlo frèt koule nan yon wobinè lannwit sou yon mi deyò a.
- Ouvri pòt amwa yo pou pèmèt chalè soti nan tiyo ki pa izole anba yon lavabo oubyen yon aparèy toupren yon mi ki deyò.
- Asire ou kite chofaj la epi pa fikse l pi ba pase 55 degre.
- Si ou prevwa soti: (1) Fè yon moun verifye kay ou an chak jou pou kapab asire ke sistèm chofaj lan toujou ap mache pou anpeche konjelasyon, oswa (2) retire dlo epi fèmèn sistèm dlo yo (eksepte sistèm estenktè entèn yo).

### *Si tiyo yo jele*

- Asire ke ou menm ak fanmi ou konnen kijan pou fèmèn dlo, nan ka tiyo yo eklate. Si ou sispann ekoulman dlo a sa ap diminye domaj yo nèt nan kay ou. Rele yon plonbye epi kontakte ajan asirans ou an.
- Pa janm eseye dekonjle yon tiyo ak yon flanm dife oubyen yon tòch.
- Toujou fè atansyon pou chòk elektrik posib nan alantou dlo ki poze.

### *Sekirite Deyò:*

Pou evite pran freddi oubyen jele, rete andedan pandan gwo freddi a. Si ou dwe soti, eseye kouvri tout pati nan kò ou: zòrèy, nen, zòtèy ak dwèt ou, elatriye. Mitèn yo pi bon pase gan yo. Kenbe po ou sèk. Rete lwen van an lè li posib. Bwè anpil likid paske idratasyon an ogmante volim san an, sa ki ede prevni atak freddi. Evite kafeyin, alkòl ak sigarèt. Kafeyin fèmèn veso sangen yo, ki anpeche ekstremitè yo rechofe. Alkòl diminye tranbleman, ki ede kenbe w cho. Itilizasyon sigarèt koupe sikilasyon san ki ale nan men ou.

### *Premye Swen Atak Fredi*

- Jiskaske ou ka rive andedan kay:
- Pa fwote oswa mase pati kò w ki frèt la.
- Bwè likid cho.
- Mete yon kouch rad siplemantè, dra, elatriye.
- Retire bag, mont, ak nenpòt bagay ki sere.

### *Depi Ou Fin Andedan*

- Pa mache sou yon pye apre li gen jeli. Ou ka lakoz plis domaj.
- Pran yon beny tyèd PA cho, epi vlope figi ak zòrèy ou nan yon sèvyèt mouye, tyèd, ki PA cho.
- Pa ale toupren yon fou ki cho oswa aparèy chofaj oswa pa itilize yon kousen chofan, boutèy dlo cho, oswa yon sechwa. Ou ka boule tèt ou anvan ou santi rezilta.

- Po ki gen jeli pral vin wouj epi anfle epi w ap santi se kòm si l ap pran dife. Ou ka devlope bouton. Pa pete bouton yo. Sa ka pwovoke sikatris.
- Si po ou vin tou ble oswa gri, li anfle anpil, ti anpoul oswa ou santi li di ak paralize menm anba yon sifas, ale lopital touswit.

Rete nan tanperati ki frèt nan fason ki pwolonje lakoz lpotèmi, espesyalman nan timoun ak granmoun aje. Veye sentòm sa yo: enkapasite pou konsantre, kowòdinasyon ki fèb, twoub elokisyon, fatig, ak / oswa tranbleman enkontwolab, ak yon arè tranbleman soudan ki vini apre. Si tanperati kò yon moun desann anba 95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvrelè ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

### **Pwoteje Ou Kont Dife**

Ekipman chofaj fè pati premye koz ensandi nan kay nan nivo nasyonal ak nan Eta New York lan. Ase souvan ensandi ki lye ak dife se rezilta mank antretyen oubyen senp aksyon neglijan. Nan nivo nasyonal, an mwayèn te gen 45 900 dife kay ki lye ak chofaj ki rive chak ane soti 2013 pou ale 2015. Ensandi sa yo te lakoz yon mwayèn anyèl apeprè 205 lanmò, 725 blesi ak 506 milyon dola nan domaj nan pwopriyete.

Lè ou pran kèk prekosyon sa ka seryezman redwi posiblite pou ou rankontre yon ensandi ki lye ak chofaj. Menm si ou pran gwo prekosyon ak chofaj kay, ou menm ak fanmi ou ta dwe prepare nan ka yon dife eklate.

- Achte epi kenbe an bon eta yon detektè lafimen ak monoksid kabòn bon kalite.
- Enspekte kay ou an pou elimine oubyen kontwole ris dife.
- Enstale omwen ekstenktè dife tip A-B-C ki peze 5 liv nan kay la epi montre manm fanmi ou kòman pou yo itilize yo.
- Etabli yon wout evakyasyon ki byen planifye ak tout fanmi an.
- Ekzekite antrenman pou egzèsis ensandi jiskaske tout moun nan fanmi an konprann plan an nèt.
- Si ou gen yon ansyen kay, fè yon elektrisyen kalifye tcheke fil kouran yo pou asire yo respekte kòd konstriksyon aktyèl yo.
- Fè netwaye ak enspekte chemine ak fwaye dife ou chak ane pou akimilasyon kreyosòt, fant, blòk k ap tonbe oubyen mòtye ak lòt blokaj.
- Kenbe espas estokaj yo pwòp ak byen ranje.
- Kenbe rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon yo lwen sifas cho.
- Konsève disòlvan ak netwayan enflamab lwen sous chalè. Pa JANM kenbe gazolin anndan kay la.
- Enspekte alonj elektrik pou fil ki grate oubyen fil ki dekalè oubyen plòg ki lach

### **Swiv Antretyen Apwopriye**

Lè espesyalis ki kalifye fè mentyen apwopriye ak enspeksyon anyèl pou ponp chofaj, founo, aparèy chofaj, recho a bwa oubyen chabon mineral, fwaye dife, chemine ak koneksyon chemine, sa ka ede prevni dife ak sove lavi. Swiv enstriksyon fabrikasyon pou enstalasyon, vantilasyon, alimantasyon, antretyen ak reparasyon. Revize manyèl pwopriyete a pou asire ou sonje fonksyonalite pou operasyon ak sekirite yo.

- Aparèy chofaj - Kenbe aparèy chofaj omwen 3 pye lwen mèb, tretman fenèt, dra, rad, kapèt ak lòt konbistib. Evite itilize alonj ak aparèy chofaj elektrik. Toujou etenn aparèy chofaj anvan ou kite chanm lan oubyen ale nan kabann.
- Aparèy pou Brile Kabiran - Enspekte sistèm pou fèmen an ak mèch la pou itilizasyon apwopriye. Ranpli tank lan ak kabiran ki fre. Kite aparèy chofaj la refwadi anvan ou remete kabiran. Lè ou mete kabiran nan yon aparèy chofaj ki cho sa ka deklanche yon dife danjre.
- Aparèy pou Brile Bwa ak Fwaye Dife - Pa brile fatra nan recho bwa oubyen fwaye a. Brile sèlman bwa di ki byen sèch. Asire ou dife ou fè a se mezi fwaye a oubyen fou a, pa mete twòp. Asire recho pou bwa enstale omwen 36 pous lwen mi an. Kenbe materyèl konbistib byen lwen fwaye a, recho ak chemine. Kenbe zòn otou yo an pwòp. Toujou itilize yon ekran fwaye pou evite ekla pa kite fwaye a epi deklanche yon dife. Pa janm kite yon dife kan san kontwòl.
- Chemine- Akimilasyon kreyosòt se premye koz ensandi chemine. Yon chemine ki sal, bloke oubyen andegraba ka limite ventilasyon apwopriye lafimen anndan tiyo chemine an epi sa ka lakoz yon dife chemine. Prèske tout ensandi rezidansyèl ki lye ak chemine, nou ka evite yo. Lè yon moun kalifye fè baleyaj chemine a anyèlman, sa ka prevni dife ak anpwazònman monoksid kabòn.
- Sann - Pa kite anpil sann akimile nan recho pou bwa ak fwaye. Lè anpil sann akimile, sa anpeche lè a byen sikile, ki nesèsè pou konbistyon. Lè w ap retire sann, itilize yon resipyan an metal ak yon kouvèti ki byen chita. Toujou plase sann nan yon espas deyò lwen estrikti yo. Sann ki parèt frèt ka genyen chabon k ap brile ki ka deklanche yon dife.

### **Monoksid Kabòn**

Monoksid Kabòn pwodwi tout kote kabiran ap brile e li se premye koz lanmò aksidantèl lye ak anpwazònman nan Etazini. Li se yon asasen ki pa gen odè, ki pa gen gou, ki envizib epi SÈL fason pou ou detekte li se gras ak yon alam monoksid kabòn. Alam monoksid kabòn gen pri ki soti nan 20 dola pou rive 50 dola sa depann de fonksyonalite adisyonèl yo.

Sentòm anpwazònman ak monoksid kabòn genyen ladan yo, somnolans, tèt fè mal ak toudisman. Si ou sispèk ou gen anpwazònman ak monoksid kabòn, ayere kote a epi ale lopital. Lòt konsèy pou sekirite enkli:

- Asire ou yo tcheke chemine ak vantilasyon pou bloka, kowozyon, ak koneksyon ki lach.
- Ouvri konplètman tiyo chemine lè w'ap itilize fwaye yo.
- Itilize kabiran apwopriye nan aparèy chofaj.
- Pa janm brile chabon oubyen babekyou anndan yon kay oubyen yon espas fèmen.
- Pa janm itilize ekipman kan ki pòtatif pou brile kabiran anndan yon kay, garaj, oubyen veyikil
- Pa janm kite yon machin ap fonksyone anndan yon garaj ki atache, menm si pòt garaj la rete louvri.
- Pa janm itilize aparèy pou brile kabiran nan pyès chanm kote moun ap dòmi.
- Pa janm itilize fou kwizin lan pou chofe yon kay.
- Pa janm fè fonksone yon jeneratris a gaz anndan yon garaj, sousòl, oubyen tou pre pyès ekstansyon nan kay la. Kenbe li a yon distans

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nan tan ivè, tanpri ale sou sit wèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la (Division of Homeland Security and Emergency Services) nan <http://www.dhses.ny.gov/oem/safety-info>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)